



Pou Piblikasyon Imedya: 02/12/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN PWOJÈ REVITALIZASYON AYEWOPOÙ KI POTE TRANSFÒMASYON NAN ROCHESTER AK OGDENSBURG

Pwojè yo fini atravè Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Gouvènè a

18 milyon dola yo bay pou Ayewopò Entènasyonal Frederick Douglass Greater Rochester a bay amelyorasyon konplè pou modènize kanpis ayewopò a pandan l ap agrandi espas kiltirèl ak kominotè yo

18 milyon dola yo bay pou Ayewopò Entènasyonal Ogdensburg la bay yon pòtay modèn pou ale ak pou sotì nan North Country

Foto nouvo Ayewopò Entènasyonal Frederick Douglass Greater Rochester a disponib [isit la](#)

Foto nouvo Ayewopò Entènasyonal Nouvo Ogdensburg la disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman de pwojè ayewopò ki pote transfòmasyon nan Rochester ak Ogdensburg, ki sipòte pa 36 milyon dola nan finansman eta nan kad Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta Gouvènè a ki koute 230 milyon dola. Pwojè Ayewopò Entènasyonal Frederick Douglass Greater Rochester la, ki vo 38 milyon dola, te resevwa 18 milyon dola nan finansman konpetisyon pou transfòme tout kanpis ayewopò a atravè amelyorasyon achitekti, estetik ak modènizasyon ki fèt pou kreye yon eksperyans pasaje ki adapte ak vwayajè 21èm syèk la. Anplis de sa, Ayewopò Entènasyonal Ogdensburg la te resevwa 18 milyon dola pou pwojè agrandisman ak renovasyon 25 milyon dola li a pou bay vwayajè yo yon eksperyans senplifye ak dènye kri ansanm ak ekipman modèn, pandan ke yon gwo sal milti-fonksyon ofri yon espas kominotè fleksib ki pare pou òganize evènman sivik, konferans ak reyinyon biznis.

"Yon pwojè alafwa, n ap transfòme ayewopò yo toupatou nan Nouyòk, amelyore eksperyans pasaje yo, entegre aktivite ekonomik nan ekonomi lokal yo epi kreye sèvis ki pi akeyan e efikas pou vwayajè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ayewopò Entènasyonal Ogdensburg la se yon motè ekonomik vital pou North Country, alòske Ayewopò Entènasyonal Frederick Douglass Greater Rochester a se yon vrè pòtay pou

vwayajè k ap chèche eksplòre bèl bagay nan Rejyon Finger Lakes yo. Kounye a ke amelyorasyon transfòmasyon sa yo fini, tou de ayewopò yo pare pou yo atenn yon lòt nivo, pou atire plis vwayajè, sipòte biznis lokal yo epi mete aksan sou rejyon sa yo ak moun ki rele yo lakay yo."

Komisè Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation), Marie Therese Dominguez, te deklare, "Angajman Gouvènè Hochul anvè ayewopò nou yo nan nò eta a se poze yon baz solid pou devlopman vil Rochester ak Ogdensburg, pandan pwosesis la ap kreye bon travay epi ranfòse touris rejyonal la epi fè ekonomi lokal yo avanse. Mwen pèsònèlman vizite plizyè douzèn ayewopò soti Buffalo rive Long Island epi travay k ap fèt gras a Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Gouvènè a vrèman transfòmatè, li mete kominote atravè nò Nouyòk yo rivalize epi pou yo genyen sou yon echèl nasyonal ak mondyal."

Anplis Rochester ak Ogdensburg, kat pwojè ayewopò nan nò eta a te fini jiska prezan nan kad konpetisyon an, tankou Ayewopò Greater Binghamton/Edwin A. Link Field, Ayewopò Konte Saratoga, Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock ak Ayewopò Entènasyonal Konte Sullivan. Travay la ap kontinye sou pwojè nan twa lòt ayewopò an 2026, tankou Ayewopò Entènasyonal Albany, Ayewopò Rejyonal Adirondack, ak Ayewopò Entènasyonal Watertown.

Ayewopò Entènasyonal Frederick Douglass Greater Rochester

Pwojè ki fèk fini nan Ayewopò Entènasyonal Frederick Douglass Greater Rochester a te gen ladan l yon revitalizasyon konplè nan zòn tèminal ayewopò a ansanm ak yon seri inovasyon nan tout kanpis la. Amelyorasyon tèminal yo te gen ladan yo reyamenaje antre prensipal la, zòn tikè yo, ak zòn reklamasyon bagaj yo pou ede vwayajè yo deplase yon fason ki pi efikas, avèk sipò pou adisyon ekleraj natirèl, enstalasyon LED, ak sistèm oryantasyon amelyore. Travay adisyonèl yo te gen ladan yo yon twati antre ki pi laj, yon siyalizasyon amelyore, ak devlopman yon aplikasyon mobil ki bay enfòmasyon an tan reyèl sou pakin, vòl ak ayewopò. Amelyorasyon sa yo, ansanm ak amelyorasyon kanpis ki pi laj tankou nouvo sistèm gidans pakin nan, twa nouvo asansè, amelyorasyon sekirite, konstriksyon yon wonpwen woutye nan ayewopò a, ak ranplasman kat pon avyon, yo fèt pou modènize operasyon yo epi amelyore eksperyans pasaje yo an jeneral.

Pwojè a te prezante tou de gwo adisyon kiltirèl ak kominotè: yon Zòn pou Veteran ki elaji ak yon nouvo Zòn Kiltirèl Frederick Douglass. Zòn Veteran William T. Perkins Jr. a se yon omaj pou Kaporal Marin William T. Perkins Jr., yon fotograf nan Lagè Vyetnam ki soti Rochester ki te sakrifye pwòp lavi li pou sove lavi twa lòt sòlda. Kounye a, espas la ofri yon pi gwo espas dedye pou refleksyon ak rasanbleman, prezante ekspozisyon ki onore manm sèvis ki soti nan tout branch militè a. Zòn Eritaj Frederick Douglass la te transfòme ansyen platfòm obsèvasyon an yon eksperyans edikatif, kote yo te prezante dokiman istorik, atifak, ak ekspozisyon ki mete aksan sou enpak Douglass ak tan li te pase nan Rochester.

Depi lè premye avyon pasaje yo te pran vòl an 1927, Ayewopò Entènasyonal Frederick Douglass Greater Rochester la, ki sitiye 6 km (4 mil) nan sidwès Vil Rochester, te bay sèvis ayeryen esansyèl pou vil nan tout nòdès la ak gwo sant ayeryen nan Midwès la, konekte Rejyon Finger Lakes la ak rès peyi a ak lemond antye. Jodi a, li se senkyèm ayewopò ki gen plis aktivite nan Eta Nouyòk, li sèvi apeprè 2.5 milyon pasaje pa ane atravè konpayi avyon tankou Allegiant, American, Delta, JetBlue, Southwest, Spirit, ak United.

Ayewopò Entènasyonal Ogdensburg

Pwojè a nan Ayewopò Entènasyonal Ogdensburg la te transfòme etablisman an yon pòtay dinamik pou ale nan North Country Nouyòk la ak Sidès Ontario, Kanada—sa ki te amelyore vwayaj ak opòtinite ekonomik atravè rejyon an ak lòt kote. Ayewopò modènize a, ki sitiye a kèk minit sèlman de fwontyè Etazini ak Kanada a, kounye a gen ladan l yon eksperyans pasaje konplètman reyamenaje ak zòn anrejistremant, tikè ak pou depoze bagaj ki elaji; yon nouvo twati elegant bò twotwa a; ak ekspozisyon enfòmasyon pasaje modèn ki kenbe vwayajè yo enfòm epi ki pèmèt yo deplase san pwoblèm soti nan twotwa a pou rive nan vòl yo.

Ayewopò a te bati an 1980, men yo te modifye l pandan ane yo pou satisfè ogmantasyon demand pasaje yo epi pou akomode pi gwo avyon. Pwojè renovasyon konplè a asire ke etablisman an pare pou pwochen epòk sèvis li a, tout pandan l ap pozisyon ayewopò a kòm yon motè ekonomik pwisan nan rejyon an, pou atire nouvo vizitè ak biznis. Anplis de sa a, pwojè konstriksyon an poukont li te kreye 195 djòb sendika ki byen peye.

Amelyorasyon yo enkli:

- Agrandisman sal antre pou anrejistremant, tikè, ak depoze bagaj
- Twalèt adisyonèl
- Ekspansyon zòn depistaj, konsesyon ak reklamasyon bagaj yo
- Pòt sekirite ak awozè modènize
- WiFi amelyore nan avantaj pasaje yo
- Nouvo estasyon sanitasyon ak ranplisaj dlo
- Tretman dezenfeksyon modènize nan sistèm HVAC a
- Yon ovan antre pwolonje ak yon zòn depo/ramasaj bò twotwa alonje
- Yon lakou deyò ak tab, chèz, ak jadinnyè
- Estasyon rechaj pou veyikil/ ekipman elektrik ak enstalasyon pano solè alavni
- Amelyorasyon sekirite pou pasaje k ap mache ant avyon an ak bilding tèminal la
- Renovasyon fasad

Nan mwa septanm 2022, Gouvènè Hochul [te anonse](#) 230 milyon dola nan prim ta va disponib pou nèf ayewopò nan nò eta a pou pwojè revitalizasyon ki reyimajine epitou modènize ayewopò yo atravè nò eta Nouyòk. Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation) òganize konpetisyon Devlopman Ekonomik

ak Revitalizasyon Ayewopò Rejyon Nò Eta a epi li te ouvri pou ayewopò sèvis pasaje komèsyal yo nan nò eta a ak ayewopò ki te bay sèvis espesyalize pou avyon komèsyal ak/oswa avyon antrepriz yo. Yo te ankouraje aplikan yo pou aplike pou finansman yon sèl pwojè oswa yon pwogram pwojè ki pral ede satisfè demann 21yèm syèk la. Pwojè ayewopò elijib yo te soumèt pou revizyon yo te evalye sou baz kritè etabli, ki gen ladan men pa limite a inovasyon nan konsepsyon, ekipman pasaje yo ak eksperyans, efikasite operasyon ak efikasite ekonomik pou rejyon ayewopò a.

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Amelyorasyon sa yo nan Ayewopò Entènasyonal Frederick Douglass Greater Rochester anblematik nou an pral ede bay yon pi bon eksperyans pou envite yo ak rezidan yo san distenksyon. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te dirije investisman sa yo ak travay kontinyèl li kòm yon chanpyon pou tout Nouyòk yo. Mwen pa ka tann pou nou kontinye fè efò pou fè rejyon nou an avanse epi mete l an valè."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Ayewopò Nò Nouyòk nou yo se sant transpò ak ekonomik ki enpòtan anpil, epi finisman amelyorasyon transfòmasyon nan Ayewopò Entènasyonal Rochester ak Ayewopò Entènasyonal Ogdensburg lan se etap vital pou asire ayewopò nou yo satisfè demand 21èm syèk la - avèk karakteristik amelyore ki pral fè vwayaj yo pi an sekirite ak pi efikas. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman li nan ankouraje kwasans Rejyon Nò Nouyòk la, epi m ap kontinye fè investisman federal pou ede ayewopò Nouyòk yo atenn yon lòt nivo."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Ayewopò nou yo se pòtay enpòtan pou komès ak touris, se poutèt sa m ap goumen pou amelyore yo nan tout eta nou an. Mwen fyè dèske pwojè revitalizasyon sa yo nan Rochester ak Ogdensburg pral modènize enfrastrikti ki ap vyeyi yo epi mennen ayewopò sa yo nan yon lòt nivo. M ap kontinye travay pou ranfòse enfrastrikti esansyèl nou yo epi bay resous federal ki nesèsè pou amelyore eksperyans pasaje yo epi sipòte vwayajè yo atravè Nouyòk."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Pou rezidan ak vizitè zòn Rochester yo, Ayewopò Entènasyonal Frederick Douglass Greater Rochester se yon pòtay nan kominote nou an. Finisman pwojè sa yo asire ke pòtay sa a pral anseye sou pase vil nou an, kite yon enpresyon dirab epi bay yon eksperyans modèn, san pwoblèm pou vwayajè yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Dominguez dèske yo bay Rochester priyorite epi fè livrezon an non kominote nou an."

Manm Asanble Harry B. Bronson, te deklare, "Renovasyon sa yo reprezante plis pase enstalasyon modènize—yo reflekte angajman nou pou onore eritaj ekstrawòdinè Frederick Douglass la pandan n ap pozisyonè Rochester pou yon kwasans kontinyèl. Investisman 18 milyon dola Gouvènè Hochul la atravè Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Économie Ayewopò Rejyon Nò a demontre sa ki posib lè nou priorize alafwa listwa ak avni nou. Mwen patikilyèman fyè dèske travayè sendika kalifye Rochester yo ap konstwi amelyorasyon sa yo, tankou tèminal amelyore pou veteran yo, pou asire kominote nou an benefisye dirèkteman nan transfòmasyon sa a."

Manm Asanble Demond Meeks, te deklare, "Envesti nan Ayewopò Entènasyon Frederick Douglass Greater Rochester a se yon envestisman nan avni kominote nou an. Amelyorasyon sa yo onore istwa nou, ranfòse ekonomi rejyonal nou an, epi kreye yon eksperyans ki pi akeyan pou fanmi yo, travayè yo ak vizitè yo. Mwen patikilyèman fyè pou m wè yo mete an valè eritaj Frederick Douglass la nan yon fason ki gen sans konsa, pou raple vwayajè atravè lemond rasin pwofon Rochester nan jistis ak pwogrè. Mwen bat bravo pou angajman sa a pou modènize enfrastrikti nou an pandan m ap selebre moun ak istwa ki defini kominote nou an."

Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare, "Ou sèlman gen yon chans pou yon premye enpresyon, e gras a Gouvènè Hochul ak Komisè Dominguez, vizitè nan ayewopò nou an kounye a resewa dis pi bon ekipman ak sèvis ayewopò yo. Soti nan sistèm gidans pakin dènye kri a, nouvo siyalizasyon Ayewopò Frederick Douglass la, Obsèvatwa Ayewopò Douglass la, ak zòn Veteran Kaporal William T. Perkins la rive nan nouvo asansè yo ak renovasyon tèminal la, li fasil pou wè enpak envestisman nou an. Men pwojè sa a te fè amelyorasyon nan enfrastrikti tou, tankou renovasyon bilding machandiz ak tapi bagaj, amelyorasyon HVAC, epi li te ajoute kat nouvo pasrèl anbakasyon. Tout bagay sa yo pa t ap posib san sipò Gouvènè Hochul ak Komisè Dominguez."

Majistra Vil Rochester Malik D. Evans te deklare, "Mwen vrèman satisfè pou finisman Ayewopò Entènasyon Frederick Douglass Greater Rochester a, ki senbolize rich istwa nou an pandan l ap aksepte posiblite ki devan nou yo. Ekspansyon zòn Veteran yo ak enklizyon yon nouvo zòn eritaj Frederick Douglass, pou onore mesaj libète ak jistis li a, demontre momantòm nou an pou pi devan, li enspire espwa epi li bay tout moun opòtinite. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul pou angajman ak sipò kontinyèl li pou gran vil nou an, rezidan li yo, ak tout vizitè ki pral vwayaje nan ayewopò akeyan ak dènye kri sa a."

Majistra vil Ogdensburg, Michael J. Tooley, te deklare, "Jodi a se yon jou enteresan pou Vil Ogdensburg ak vwazen nou yo sou tou de bò Rivyè St. Lawrence lan pandan n ap selebre ouvèti The Great Room nan Ayewopò Entènasyon Ogdensburg la. Finisman gwo renovasyon tèminal ayewopò a ap transfòme etablisman an pou l vin yon sant transpò rejyonal ki pral benefisye ekonomi lokal nou an anpil avèk yon ogmantasyon nan touris ak opòtinite biznis. Amelyorasyon sa yo pa sèlman pral bay pasaje yo yon eksperyans vòl ki pi agreyab, men nouvo gwo sal multi-fonksyon an bay piblik la espas kominotè yo bezwen anpil pou rasanbleman prive ak piblik. Mwen remèsye administrasyon OBPA a ak Konsèy Administrasyon an ankò pou efò yo nan devlopman pwojè sa a. Pi gwo faktè ki te kontribye nan pwojè sa a se te 18 milyon dola Gouvènè Hochul te bay la. nan Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò li a ki vo 230 milyon dola. Nan non vil Ogdensburg, mèsè a Gouvènè Hochul paske li te montre li kontinye ap sipòte Vil Ogdensburg ak North Country atravè sibvansyon sa a bay OBPA."

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Misyon Depatman Transpò Eta Nouyòk se pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekkitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an epi sipòte byennèt ekonomik Eta Nouyòk.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo! Pou plis enfòmasyon, jwenn yo sou [Facebook](#), swiv yo sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) yo a. Pou enfòmasyon ajou sou vwayaj, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil 511NY gratis la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)